



Pou Piblikasyon Imedya: 12/23/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU FÈ ETA NEW YORK VIN PREMYE ETA NAN PEYI A POU PÈMÈT FI ANSENT YO ENSKRI NAN ASIRANS ECHANJ SANTE ETA A NENPÒT KILÈ

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse siyati lejislasyon pou elaji aksè asirans sante pou Nouyòkè ki ansent yo.

Mezi a ta pèmèt fi ansent yo enskri nan echanj asirans sante a nenpòt kilè pandan gwosès yo – fè New York vini premye eta nan peyi a pou fè gwosès yon “evènman lavi kalifye” nan fason pou gen aksè a benefis asirans sante a nenpòt kilè atravè echanj sante a.

“Lwa sa ap ede manman ansent yo gen aksè a swen prenatal esansyèl epi ede bati yon New York ki pi sen ak pi solid,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen remèsye pwomotè pwojè lwa pou travay san relach yo sou kesyon enpòtan esansyèl sa ki pral gen yon enpak enpòtan sou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo.”

Anvansa, gwosès pat enkli sou lis evènman lavi ki kalifye. Evènman lavi ki kalifye sa yo gen ladan yon chanjman nan rezidans, nesans, oswa adopsyon yon timoun, ak maryaj, divòs, oswa lanmò yon konjwen. Kidonk, enskripsyon atravè echanj la disponib sèlman pandan peryòd enskripsyon ouvè (Oktòb jiska Desanm).

Pwojè lwa (S. 5972/A. 6780B) ap fè gwosès vin yon “evènman lavi kalifye,” pèmèt enskripsyon nan yon plan asirans a nenpòt kilè pandan gwosès la atravè echanj asirans sante eta, New York State of Health.

Pwoteksyon asirans pou fi yo ta anvigè nan premye jou mwa kote fi a sètifye kòm ansent.

Senatè Liz Krueger te deklare, “Chak fi ta dwe gen aksè a bon jan kalite swen sante pandan gwosès, e se poutèt sa mwen te travay anpil pou lejislasyon bon sans sa. Mwen remèsye Gouvènè a pou siyati l, e mwen konplimante Senatè Seward ak Hannon, Manm Asanble Simotas, Kontwolè Stringer, ak gwoup yo nan eta enkli March of Dimes ak Kongrè Ameriken Obstetrisyen ak Jinekolojis paske yo te fè New York vini premye eta nan peyi a pou rekonèt ke lè yon fi vin ansent, nou ta asire ke li gen asirans

imedyatman. Lwa sa vle di manman ki pi ansante, tibebe ki pi ansante, epi ajoute sekirite pou fanmi New York kap travay di yo.”

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske yo te fè New York vini premye eta nan peyi a pou garanti swen prenatal pou tout fi yo, kèlkeswa revni yo. Antanke manman, Mwen konnen de premye men kijan swen prenatal enpòtan e lwa istorik sa asire ke sante timoun ak fi pa plase sou mizèrikòd yon dat abitrè sou kalandriye a.”

Kelli Owens, Vis Prezidan Afè Ekstèn, Defansè Planifikasyon Fanmi NY te deklare, “Jodia Eta New York te pran yon etap kòm yon lidè nasyonal pou rekonèt enpòtans pou asire pwoteksyon sante pandan gwosès. Nouvo lwa sa ap asire ke swen prenatal enpòtan ak lòt bezwen swen sante ka satisfè pandan gwosès ki ka kondwi a pi bon sante matènèl ak tibebe, sa ki se yon politik piblik entelijan. Defansè Planifikasyon Familyal New York fyè dèske li se yon pati nan efò pou fè lwa enpòtan sa vin lwa nan Eta New York.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418